

# SOSYETE KOUKOUEY AN AKSYON

**Pwezi : yon eksplorasyon nan nanm nou**  
Henri-Robert Durandisse, Powèt / Ekriven  
Manm Sosyete Koukou Kanada

Byenveni nan yon vwayaj majik kote mo yo tounen fenèt sou nanm nou. Nan monn kouran teknoloji rapid ak presizyon syantifik, pwezi se yon resipyen inik pou emosyon ak refleksyon pi fon nou yo. Annou dekouvrir ansam bèle ak pouvwa pwezi a, ki envite nou ralanti, obsèvè, epi santi tout aspè rich ak konpléks nan lavi. Kòmanse vwayaj sa a avèk kè ouvè, epi kite chak mo pote ou nan yon nouvo vwayaj san fen.

## Esans pwezi

Pwezi, nan esans li, janbe fwontyè lojik ak itilitaris pou li louvri yon fenèt sou nanm nou. Nan yon monn, kote se rapidite teknoloji yo ak presizyon disiplin syantifik yo ki ap mennen nou, pwezi a distenge li gras avèk kapasite li genyen pou li ranmase tout varyasyon nan eksperyans nou yo atravè mo li chwazi avèk swen. Li se yon talan ki soti anmenmtan nan enspirasyon ak larezon, kote powèt yo itilize langaj pou yo eksplor emosyon ki pi fon yo, ak refleksyon sibtil ki chape souvan anba fòm diskou òdinè yo.

## Ki sa Pwezi ye?

Nan monn nou ap viv la, ki satire ak teknoloji rapid ak bezwen ki pa kapab tann, prezans pwezi a paret etranj lè nou fèk ap gade. Li pa konparab ni ak matematik, ki ap rezoud pwoblèm konkrè, ni ak lasyans, ki ap tante esplike fonksyonman tout sa ki ekziste. Pwezi a se pito tankou yon fenèt majik ki louvri sou santiman, panse ak istwa, mo òdinè yo pa kapab fin esplike nan tout sans yo.

Imajine nou ap li yon pwezi sou lapli. Nou pa sèlman annafè ak yon senp detay meteyowoloji, men se sitou kijan pwezi a ap reveye sans nou yo. Powèt yo chwazi mo yo tankou lè atis yo ap seleksyon koulè, pou yo kreye imaj nan lespri nou ak emosyon nan kè nou. Chak liy tounen yon twal atistik, kote nanm atis la ap deplwaye.

Pwezi a envite nou ralanti sou kous nou epi pran tan pou nou obsèvè antouraj nou. Li revele nou kijan moman ki pi senp yo kapab tounen mèvèy, tankou yon souri nan kwen lèv nou, oswa yon kouche solèy. Li raple nou, emosyon nou yo genyen anpil valè epi yo kapab admirab, menm lè yo asonbri pafwa avèk tristès oswa dout.

Genyen moun ki ta kapab di pwezi posedè yon valè san parèy. Li ede nou konprann tèt nou ak lèzot yo nan yon sans ki pi pwofon, pi pèsònèl tou. Li aprann nou koute santiman nou epi eksprime yo tou. Konsa, atravè powèm yo, nou kapab dekouvrir listwa, divès kilti epi pèspektiv yo jenerasyon apre jenerasyon.

Pwezi a pa gen limit yon senp zouti fonksyonèl; li montre nou kijan pou nou santi bèle ki antoure nou epi ki abite anndan nou. Se tankou yon konvèrsasyon an silans ant mo yo ak nanm nou, ki ap raple nou pi gwo verite yo, se pa elemann nou toujou ka mezire, men nou kapab santi yo jouk nan pwofondè nanm nou.

## Pwezi : yon eksplorasyon atistik

Pwezi se yon fòm literè ki jwe avèk yon langaj byen ritme, byen imaje, pou li eksprime emosyon, lide ak eksperyans menm jan ak tout zèv atizay. Li eksplor mizikalite mo yo ak dispozisyon fòmèl yo pou li kaptive lektè yo epi reveye emosyon yo.

Pwezi a distenge tèt li apati richès ak senbolis langaj li. Powèt la chwazi chak mo avèk swen, nonsèlman pou sans li, men tou pou sonorite li, pou rit li ak pou kadans li. Chwa sa yo pa fèt konsa konsa ; yo fèt jan yo fèt la pou yo eksite yon gam emosyon espesifik epi pou yo pentire imaj vivan nan lespri lektè a. Ekzanp, yon powèt ta kapab dekri yon kouche solèy tankou yon "oseyan dife ki anvayi orizon an", li utilize yon bèl metafò pou li kaptire bèle ak entansite moman an.

Pwezi a depase limit reprezentasyon imaj vifyèl; li kapab eksite divès sansasyon kòporèl, son, lodè e menm gou. Powèt yo vizite tout sans nou yo pou yo kreye yon eksperyans sansoryèl konplè atravè pwezi yo. Se poutèt sa, souvan yo konpare pwezi ak mizik : li posede yon kadans natirèl ki kapab genyen menm dousè ak yon chansonèt timoun oswa eksite menm pasyon ak yon senfoni pou bëse pasyon granmoun.

Yon lòt aspè, ki pèmèt pwezi anvoute nou, se kapasite li genyen pou li eksprime emosyon konplèks avèk entansite san okenn mo initil. Yon powèm kapab transmèt eksplozyon lajwa yon premye lanmou, doulè ki ap manje nou lè nou pèdi yon pwòch, oswa menm, serenite yon maten frankil ki pote kè poze. Granmesi maji mo yo, powèt yo ede nou konprann epi pataje santiman imen inivèsèl, nan yon fason ki rezone jis nan fon nanm nou.

Pou fini, pwezi se yon atizay ki ofri libète pou entèpretasyon. Chak lektè kapab santi epi entèprete yon powèm nan fason pa li, selon pwòp eksperyans li ak emosyon li. Se poutèt sa chak lektè gen yon karaktè inik epi pèsònèl, sa ki pèmèt chak moun jwenn pwòp sans pa li ak pwòp bèle pa li nan pawòl powèt la.

## Defini yon powèt

Yon powèt, se yon moun ki riske tèt li nan chemen yon gran teritia san bout, epi ap chèche mistè ki rele imajinè, ki ap vwayage nan tout rakwen pwofondè nanm moun, epi ki ap navige ak tout sanfwa li atravè loseyan mo yo. Se yon bezwen san rete pou li rapousuiv mèvèye a, yon efò temerè pou li kapte esans lavi atravè yon melanj konplike kote ki gen liy ak estwòf.

Men, pou nou onèt, maji a pa toujou reponn prezan. Pa gen resèt maji pou yon moun vin yon powèt fètèfouni. Se yon vwayaj nan yon wout chaje ak pikant kwenna, ak defi epi ak dout, men se yon vwayaj pasyonan tou, ranpli ak dekouvert epi sipriz.

Powèt la se yon eksploratè fon nanm moun, yon avantiryé ki ap chèche trezò kache epi yon pyonye ki ap poze pye li sou nouvo teritwa. Li anbake nan yon ekspedisyon danjere atravè enkonsyan an, ki se yon forè chaje ak mistè, li pran eskalade tout tèt mòn dout yo epi li travèse dezè solitud yo. Epoutan, se nan moman dezespwa ak konfizyon sa yo li jwenn boul lò ensiprasyon li, bélè mèvèy kreyativite li.

Yon powèt, se yon kreyatè lang tou, yon esklipètè mo. Li ap jongle ak sonorite yo, kadans yo epi imaj yo pou li kreye zèv ki kité fwontyè langaj yo dèyè. Se yon moun ki ap eseye kaptire esans royalite a nan yon senp liypwezi, ki ap fikse yon moso enstan nan yon imaj touchan. Men tou, se yon atis ki ap fè fas ak angwas pwosesis kreyatif la, ak difikilè pou li jwenn mo ekzak la, ak fristrasyon lè li mal pou li eksprime sa li santi tout bon an.

Pa gen okenn fòmil inivèsèl pou ekri yon bon powèm. Chak powèt suiv pwòp metod pa li, pwòp estil pa li, pwòp vwa pa li. Genyen ki prefere ekriti natirèl pase ekriti otomatik, alòske gen lòt ki chwazi pou yo genyen yon planifikasyon detaye pou chak mo. Genyen ki jwenn sous ensiprasyon yo nan lanati, nan lanmou, nan doulé, alòske gen lòt menm ki jwenn lespri ensiprasyon yo nan rèv, nan souvni ak nan eksperyans lavi. Kèlkeswa metod nou chwazi a, lesansyèl se koute kè nou, suiv lide nou epi rete otantik ak pwòp tèt nou.

## Pouwva Pwezi

Pou fini, pwezi se plis pase yon senp aranjman mo. Se yon fòm atizay djougan, etènèl ki ban nou yon koneksyon solid ak emosyon nou yo, kreyativite nou ak imanite ki anndan nou tout. Kit ou se yon lektè pasyone oswa yon jenn powèt ki fèk ap boujonnen, pwezi a louvri yon fenèt majik sou monn lan pou ou. Yon fenèt, kote chak liy epi chak mo kapab louvri lòt pèspektiv epi inspire nou pou nou panse nan divès lòt fason.

Atravè syèk yo, powèt yo kapte kè kontan ak lapenn ki travèse tout ekzistans nou, nan refleksyon sou pwofondè yo ofri nou sou lanmou, lanati, lasoyete ak pi plis pase sa toujou; Paj pwezi yo raple nou kòman menm nan moman ki pi senp yo, genyen yon bèle pou nou dekouvrir epi pou nou selebre. Pwezi a anseye nou enpòtans lang ak langaj nan kapasite li ban nou pou nou kominiye santiman ki pi entim nou yo. Li ankouraje nou pou nou ralanti epi pou nou pran tan savoure chak mo, chak imaj.

Ebyen, an nou kite bèle ak maji pwezi a pote nou ale! An nou dekouvrir sa li gen pou li ofri nou ! Kit se nan lekti powèm klasik yo, kit se nan ekri pwòp liypwezi pa nou, an nou bay tèt nou okazyon pou nou eksplor monn sa a, kote mo yo tounen fenèt ki louvri sou nanm moun. Pwezi a la pou li raple nou, sa ki konpoze lavi, se yon seri moman ki chaje ak sans, epi nou chak gen pouvwa pou nou eksprime sans sa yo yon fason pou yo sonnen fò, ak otantisite epi pwofondè nan fon senserite nou.

## Konklizyon

Pwezi se plis pase yon senp aranjman mo; se yon fòm atizay ki gen pouvwa pou li touche kè nou, elve lespri nou, epi konekte nou avèk esans imen nou. Nan yon monn kote vitès ak teknoloji ap domine, pwezi a envite nou pran yon moman pou nou ralanti, obsèvè bèle ki antoure nou, epi eksprime sa ki pi entim ak pwofon anndan nou. Se yon zouti inik pou eksplorasyon emosyonèl, espirityèl ak entelektyèl, yon fòm kreyativite san limit ki ofri libète entèpretasyon pou chak lektè.

Lè nou apwoche pwezi avèk yon kè ouvè, nou dekouvrir yon richès san parèy nan chak liy ak chak mo. Se yon opòtinitè pou nou konekte ak eksperyans imen entèjenerasyon yo, pataje istwa nou yo, epi reyalize yon nouvo nivo konsyans ak konprann.

Kit ou se yon lektè pasyone oswa yon jenn powèt, kite pwezi a antre nan lavi ou pou li pote ensiprasyon, konesans, ak yon nouvo pèspektiv san fen. Avèk chak powèm, nou grandi, nou aprann, epi nou gen piplis santiman. Pwezi se yon kado pou lespri, yon atizay ki merite pou li selebre ak pataje nan tout aspè lavi nou. Anbrase pwezi a, epi kide li gide ou nan yon vwayaj emosyonèl ak entelektyèl ki pa janm fini.

## Liv nou li :

Hyppolite Michel-Ange (2000) : Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti, Educa Vision, Coconut Creek, Florida. 265 paj.  
Joubert Jean-Louis (1999) : La poésie, Armand Colin, Paris, France. 208 paj.

Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukou (2013) : Literati : Pwezi Kreyòl Ayiti, Koleksyon Koukou, Monreya, Kebek, Kanada. 265 paj.

Monreal, Kebek, 2024

**Zetwal t ap trese ribanbèl**  
Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn)  
Powèt / Ekriven  
Mann Sosyete Koukou Kanada  
Akademisyen nan Akademi Kreyòl Ayisen  
Soul machè

Jodi a mwèn ap mande ou pou kenbe men mwèn. Kenbe men mwèn fò, pou nou refè chemen ki te konn bay kè nou ak lespri nou tout jèvrin yo. Chemen mwèn vle reflache nan imajinasyon ou aswè a, se chemen jaden Mòn Lopital, chemen Lamontay, kote tanto nou te kòtakòt, tanto nou te yonn dèyè lòt pou nou dekouvrir kadans lonbray anba repozwa lawouze kristal. Se nan kannale sou wout karyann apik sa a, nou te deniche yon ti kwen ki te rele nou pa nou; yon ti basen mezi laj nou, kote latè pa te bezwen abiye pou li te anbome nou ak pafen kè li. Li pa te mi twò lwen mi twò pre

lavil. Nou te nan domèn nou - yon domèn, kote alapapòt zwazo ak van konn dekore vwa yo pou yo di nou onè. Kanta pou kantik kreyenvivan menm, se agogo tande zorèy nou konn ap ranmase yo. - Se nan mitan anbyans sa a, nou te dekouvrir yon bél galèt marasa, kote karès nou te fè nich. Malgre pyèsmoun pa te vann nou li, nou te achte li ak foug dyougans nou epi fòs lanmou nou.

Si ou sonje byen, se sou bél galèt sa a. nou konn kite je nou pale pou bouch nou etan nou ap reve tout sa nou te ka fè , tout sa nou pa te fè, ak tout sa nou pa pe janm rive fè. Pou di ou sonje bélantre tout ti pyebwa ki konn vin apiye fatig yo nan ren gwo pye bwatichenn lan pandan yo ap lage tout frechè kè yo ban nou ak lareverans katsezon an!

Dènye fwa nou te fè wout sa a, nou pa te pou kont nou. Ou sonje « William? » Ou sonje kodak li a? Se petèt sa ki fè lapli yenjen an ta pe swente anba kouvreli mwadme a. Se te fason pa Mòn Lopital pou li te lage dlo je li sou yon orevwa ki ta pral vire vitametènam. Oubyen tou, se te fason pa li pou li te di nou: « anmore pa tire foto-m ». Se konsa sa te konn pase chak kenz jou sou kousen fèy monben, siwèl ak sitwonèl.

zetal t ap trese ribanbèl  
Sèl konpayèl yo  
bonèt lakansyèl

Nyaj t ap defile  
Chante nouvèl lammou nou toupatou  
Wi Soul! Se konsa.

Se konsa lalin ak solèy ta dwe kontinye klere tout anmore mawon anba vant Mòn Lopital. Aswè a, ni mwèn ni ou, nou yonn pa nan pye Mòn Lopital; nou sou tèt Linden Avni oubyen sou bit Monwayal, nou ap pran fre peyi nou lòtbòdlo. Pandanstan, tout branch bwa lonbray nou yo dwe fin boule nan fè chabon, batí kay, fè mèb epi tè a, manmèl lavi, ap deboule nan dlo. Se domaj!

M ale!  
Kè mwèn sere.  
Mwen ap panse.  
Gwo Bo!  
Ife

*Lèt Ife ak Soul, Koleksyon Koukou,  
Productions Koukouwouj (2006), paj 5-6.  
Kanada, Ottawa, 2006*

**Pawòl fleri**  
Mwen dòmi ta  
Vwayajman lespri mwèn  
nan asòtò zye ou

Lavi ka toujou rete woz  
lè woz ki nan kè nou an  
kontinye grandi  
nan mitan kè kontan  
pou lavi rete woz.

*Michel-Ange Hyppolite,  
nan Lespwa Lanmou (2019), paj 49.  
Kanada, Ottawa, 2019*

**Pwomès**  
Jou latè koupe fache  
Ak randevou kaselezo  
Jou lajistis abiye tèt li  
M pwomèt ou cheri  
Nou p ap bezwen mete boyo bék fè  
Pou n al rankontre lavi lòtbò lari  
Pou dat w ap priye  
Pou mabouya rele van  
Rekòt lanmou nou  
Pa di sa  
Pa di sa  
Se lwanj!  
M trete mo ki pran kout tan  
Menm mwèn pa oungan  
Pa di sa  
Pa di sa  
Se lwanj!  
M keyi zetal mwèn  
Nan lalin klè  
Pou m fè lannuit konnen  
Mwen otonòm

*Frantzley Valbrun nan Kolye an denmon,  
Floraison (2019), paj 38-39.  
Pòtoprens, Ayiti, 2019*

**Bèbèl Lapanse**  
Se nan bèbèl lapanse  
De marasa damou  
plezire pataje esperans  
kè kontan yo  
ak tout kalité  
flè pwomès lavi

Se nan amoni  
Yo reyini toupatou  
anba beldenui  
Pa lòt bò  
Vantrès van  
Kote rèv ak lespwa  
Se marasa.

*Michel-Ange Hyppolite,  
nan Lespwa Lanmou (2019), paj 33.  
Kanada, Ottawa, 20219*